



# KONNEN DWA OU NAN KAY OU

Tout moun nan Etazini, **ki gen ladan imigran san papye**, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis p'ap panse ke ou vle sèvi ak dwa w yo. Se ou ki responsab pou fè yo respekte pa montre kat Konnen Dwa Ou ou oswa pa di ofisyè a ke ou ap sèvi ak dwa w yo.

Si ou lakay ou epi ICE (ofisyè imigrasyon) frape pòt ou, ou gen dwa ki pwoteje ou.

## Ou pa oblige ouvri pòt la.

Si ICE vini nan pòt la, an jeneral gen sèlman de fason kote yo ka antre lakay ou legalman:

1. Avèk pèmisyon ou oswa pèmisyon yon moun lakay ou: oubyen
1. Avèk yon manda rechèch ki soti nan yon jij.

## Ou pa ta dwe envite ofisyè a antre lakay ou.

Si ICE di ou yo la pou arete yon moun oswa fouye kay la, pa ouvri pòt la oswa envite yo antre lakay ou. Ouvri pòt la ka ba yo pèmisyon pou antre. Li enpòtan tou pou di sa bay lòt moun ki lakay ou, enkli timoun yo. Si pitit ou ouvri pòt la, sa ka bay ICE pèmisyon pou antre lakay ou.

## Manda a dwe yon manda rechèch.

Gen manda rechèch ak manda arrestasyon. ICE pa ka antre lakay ou ak yon manda arrestasyon. Yo dwe gen yon manda rechèch.

## Manda a dwe gen bon adrès la.

Si adrès ki sou manda a pa bon, ICE pa ka fouye lakay ou, sof si ou ba yo pèmisyon.

## Manda a dwe gen siyati yon jij.

Pou li valab, manda rechèch la dwe siyen pa yon jij. Si yon ofisyè imigrasyon siyen manda a, li pa yon manda rechèch valab. San yon manda ki siyen pa yon jij, ICE pa ka fouye lakay ou, sof si ou ba yo pèmisyon.

## Ou gen dwa pou rete an silans.

Si ICE gen yon manda valab epi yo antre lakay ou, ou ka chwazi pou rete an silans.

## Si ou dwe pale, di ajan an ou ta renmen pale ak yon avoka anvan ou reponn kesyon yo.

Si ofisyè ICE la di yo gen yon manda, mande yo pou idantifikasiyon yo epi revize manda a. Li dwe soti nan men yon jij e pa sèlman ajans lan.

## ICE pa ka antre lakay ou san yon manda rechèch valab.

Pale ak ofisyè yo atravè pòt la epi mande yo moutre ou idantifikasiyon yo ak manda a. Revize manda a pou detèmine si li valab:

- Se sèlman bay idantifikasiyon ou lè lwa egzije sa.\*
- Pa di ofisyè a peyi nasyonal ou.
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen okenn papye.
- Pa pote fo dokiman.
- Pa anpeche fizikman rechèch la.

\*Pale avèk yon pwomosyon lokal sou kilè ak si ou dwe prezante idantifikasiyon. Pou egzanp, nan pifò eta, ou dwe montre yon lisans chofè si ou gen youn epi yo kanpe ou; ou dwe montre idantifikasiyon imigrasyon ou bay yon ofisyè imigrasyon ki mande li si ou gen estati legal epi pa yon sitwayen ameriken.